ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№104 (21.762) ● 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗэфІагъэкІахэмрэ къалэнхэмрэ

КъБР-м и Унафэщі Кьанокьуэ Арсен мэкъуауэгъуэм и 2-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым деж Хьэрычэтыщіэ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым и зи чэзу зэІуІэпІэр.

АБы япэу щедэІуащ «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэт Іэнатіэ цыкІуІмрэ курытымрэ зэрызыщыкъуныгуфІкІэ зэрыщыдаІыгъынур» республикэ программэ хэхар зэрагъэзащІэм теухуауэ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** жиІам.

Къэпсэльам кьыз эригъэльэгъуамкІэ, мы Іуэхур зи пщэрылъхэм иужьрей илъэсищым лэжьыгъэ хьарзынэхэр зэфІагъэкІащ. Къащтэмэ, хьэрычэт Іэнатіэ цыкІуМрэ курытымрэ зэуІуу зэрыдаІыгъыну щыкІэр зэгъэбелджылащ. Къэбэрдей-Балькъэрым нэгъабэ сом мелуани 180-м нэблагъэ зыбгъэдэлъ Шэсыпі Іэфэн фонд кьыщызэрагъэпэщащ. Абы и фІыгъэкІэ, хьэрычэтыщІэ Іуэхум илъэс кьэс банк кредиту сом зы мелардым нэс хуэзщІагъэуІуэфынущ. Нобэ ирихьэлІэу щыхуэхэм проценткІэ щхьэщатыкІ ахьшэм щыщ Іыхьэхэр хуапшыныжкІэрэ, проектэ 113-рэ сом мелуани 100-м щІигъуэ дэІыгъэр.

- Инноваци Іуэхуэхэр мы гъэм щІэм тету дунэтІыныщ. Абы и лъэныкъуэкІэ республикэм и Правительствэм и унафэм и проект дгъэхьэзыращ. Дэ ди мурадщ кьыхалъхьэ проектхэм я ефІэкІыныгъэхэр зыджьыну щІэныгъэ-техникэ сомет кьыз эдгъэпэщыну, - жиІащ министрым. - Республикэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, хьэрычэт Іэнатіэ цыкІуерэ курытымрэ мин 5,5-м щІигъуэ дадэІэныкъуащ, лэжьапІэншэхэми защІэдгъэкъуащ. 2006 гъэм елытауэ Іуэхуэщапі э мыинхэм я бжыгъэм процент 53-кІэ хэхъуащ. Республикэм и экономикэм и Іэнатіэхэм щылажьэхэм я процент 30-р абыхэм хуоэ.

Мусуков Алий кьызэригъэльэгъуамкІэ, муниципалитетхэм Іэнатіэ цыкІухэр зэрыщыдаІыгъ щІыкІэм хабзэ пыухыкІа хэлъхьэн хуеІщ. Абы папщІэ хуеинэхэм щыІэ фондхэм я лэжьэкІэм зрагъэхъуэныщ, микрофинанс Іуэхущапіэхэм ядэІэпыкъунущ.

Советым хэтхэм министрым упщІэ куэдкІэ зыхуагъэзащ. Абыхэм жэуап ягъуэта нэужь, Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министерствэм кьалэн щащІащ республикэм и щІыналъэм иинноваци проектхэр щызыгъэзащІэ Іэнатіэ цыкІуэхэмрэ курытымрэ зэрыдаІыгъыну щыкІэр маэз пІалъэм кьриубыдэу игъэхьэзыру, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьыщыхилъхьэну.

Кьыкіэлъыкіуэу Прохладнэ кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие** зэхэлъэм щыІэзэпкърихащ хьэрычэт Іуэху цыкІумрэ курытымрэ зегъэужьыным теухуа программэр щыпІэм гъэзэщІа зэрыщыкъур. Абы кьыз эригъэльэгъуамкІэ, иджыпсту кьалэм щыІэщ Іэнатіэ цыкІуу 382-рэ. Нэгъабэ льандэрэ апхуэдэхэм я бжыгъэм процент 9-кІэ хэхъуащ, щхьэзакъуэрылажьэхэр 2133-рэ мэхъу.

- Хьэрычэт Іэнатіэ цыкІухэм техьэ налогхэм кьапэкІуэу сом мелуан 31-рэ мин 648-рэ нэгъабэ кьалэ бюджетым халъхьащ. Ар и пэ ита илъэсым елытауэ процентэ 10-кІэ нэхъыбэщ. 2009 гъэм тыкуэн 18, сату щащІ павильониуи апхуэдизэ, аптеки 2, кафеуэ 3, техникэ Іуэхутхьэбзэщіапіэ, автомашинэ тхьэщІыпІэ, дагъэ гъэсэныпхъэ игъэмъуапІэ, парикмахерскэ кьыз эІутхащ, цыху 250-м щигъуи Іэнатіэ еттащ, - жиІащ къэпсэльам.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Лэскэн куейм щекІуэкІ лэжьыгъэм зыщагъэгъуазэ

Мэкъуауэгъуэм и 3-м КъБР-м и Правительствэм и Уиэм республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсен щаІущІащ ди щІыпІэм и кьалэхэм, куейхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм. ЗэІущІэм кьрихьэлІащ УФ-м и Президентым и полномочие лЫыкІуэ Пшиз федеральнэ щІыналъэм щыІэм и Аппаратым КъБР-м щІэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ Дышэкі Мадинэр, КъБР-м и Президентым и Адміністрацэм и Унафэщім и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Жамборэ Владимир, республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ Дышэкі Мадинэ, КъБР-м лэжьыгъэзэ щІэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт, абы и къуэдзэ Амщокьуэ ФатІимэ сымэ.

- Дэтхэнэ къэралми и зыужьыныгъэр, абы и зэІуэзэпэщ псэуКІэр куэдкІэ елытащ абы унагъуэм хуищІ гупытІэм, - жиІащ зэІуІэр кьыщыдзэІуихым КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен. - Абы и пЫыныкъуэкІэ, «Анагъэр, адагъэр, сабингъуэр хъумэн» республикэ законым кьыщыгъэпльэгъуахэр кьэтІтыпІтэу доунэтІ ди кьэралэ политикэр. 1996 гъэ льандэрэ ди республикэм бынунагъуэщхуэу кьыщалъытэ балигъыпІэ имыуВа сабиищ е нэхьыбэ зиІэхэр икІи абыхэм кьэралыр дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъуным хущІокъуэ. Апхуэдэу зэхэтлъхьащ республикэм демографие щытыкІэр зэрыщедгъэфІэкІуэным теуХуа программэ щхьэхуэ. Дунеим кьытехьэ сабиитхэм я бжыгъэм нужьрей зэманым фІыуэ хэхъуащ, ар икъуэкІэ дызыщыгуфІыкІ Іуэхугъуэщ. Дэ кьыдгуроІуэ сабий куэд бгъэсэныр икІи зыхуей куэд бгъэсэныр икІи зыхуей хуэбгъэзэныр зэрыгугъур, ауэ щІэблэ узыншэ зиІэ лъэпкъырщ зи кьэкІуэнур дахэр. Дэри, къэралыр унафэщІхэр, зэрыхъукІэ а Іуэхур зэрыфщыдгъэпсынщІэным дыхущІэкъунущ. Фи бынхэм я екъуІэныгъэм фи щхьэр лъагэу фигъэльэгъужу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэкІэ ахэр кьыфхуэпэсу гъащІэ дахэ ефхьэкІыну сыныВохьуэхъу.

АдэкІэ Кьанокьуэ Арсен дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфащхэм зритыжащ. Апхуэдэу бынитІ ди нэхъыбэ зыпІа анэхэу Батъэтыр Лерэ, Гайер Надеждэ, Гуэнгъэпщ Светланэ, Губековэ ХьэІишэт, Журт ФатІимэт, Кьардэн Ритэ, Макаренкэ Людмилэ, Рахаевэ Эминат, Хьэжырокъуэ Майе, Щомахуэ Іэсият сымэ «Анагъэм и щыІкІ» медалым и гъуэсу «Газель» автомашинэм и Іункіыбзэ Іухри иратащ. Щыхуэ 35-м медалрэ бын кьэс сом мин пщІы-рыпщІ яхуэзэу ахъшэ саугъэтрэ иратащ.

Кьыхуащіа гулъытэм папщІэ анэхэм республикэм и Унафэщім псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ. Абыхэм я кьэпсэльэныгъэхэм кьыхуащщ КъБР-м и Президентым республикэм зиужьыным хуэунэтІауэ Іуэхуфі куэд зэрилэжьыр цыхухэм зэрызыхащІэр икІи адэкІи и мурадхэр кьехьуІпІэну ехьуэхьуахэщ.

«Газель» автомашинэр зыхуагъэфэщащэр Калюжнэ уэрамым тет «Газ» автосалоным ирагъэблагъэри, зыхуеину документхэр зафдеж кьыщратыжащ. Дэтхэнэми и нэгум гуфІэгъуэр кьрихырт, я фІэщ мыхъуж жыхуаІэм хуэдэу, кьыхуагъэфэща «Газель»-хэм бгъэдыхьэурэ зэпапІъыхырт. «Мыпхуэдэ гулъытэ кьытхуэзыщІахэм фІыщІэ яхудощ, - жаІащ бын 12 зиІэ Щомахуэхэ Іэмырбийрэ Іэсиятрэ. - Апхуэдэ Іуэхуфіхэр, шэч хэмыльу, хуэгъэзащ унагъуэм и пІщІэр къэІэтыным, дэ кьытлъысыращ, ди бынхэм кьыщыхъу щІынаІъэм и пщІэр яІэту, ар ямыгъэпуду зэрыпсэуным хуэдгъэсэнщ».

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсенрэ бын 13-м я анэ Кьардэн Ритэрэ.

● Дыгъуасэ

Бахъсэн районым Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Аргъэщокъуэ Джульеттэ, бын 12-м я анэ Щомахуэ Іэсият, абы и пщыпхъу Іэминат, и щхьэгъуэ Іэмырбий, я щІалэ закъуэ Алим я гъусэу.

Президентым и тыгъэхэр

ЗэІуІЭ гуапэм кьрихьэлІат Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей,** КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** КъБР-м и Президентым и Адміністрацэм и Унафэщім и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Жамборэ Владимир,** республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ **Дышэкі Мадинэ,** КъБР-м лэжьыгъэзэ щІэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт,** абы и къуэдзэ **Амщокьуэ ФатІимэ** сымэ.

- Дэтхэнэ къэралми и зыужьыныгъэр, абы и зэІуэзэпэщ псэуКІэр куэдкІэ елытащ абы унагъуэм хуищІ гупытІэм, - жиІащ зэІуІэр кьыщыдзэІуихым КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен. - Абы и пЫыныкъуэкІэ, «Анагъэр, адагъэр, сабингъуэр хъумэн» республикэ законым кьыщыгъэпльэгъуахэр кьэтІтыпІтэу доунэтІ ди кьэралэ политикэр. 1996 гъэ льандэрэ ди республикэм бынунагъуэщхуэу кьыщалъытэ балигъыпІэ имыуВа сабиищ е нэхьыбэ зиІэхэр икІи абыхэм кьэралыр дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъуным хущІокъуэ. Апхуэдэу зэхэтлъхьащ республикэм демографие щытыкІэр зэрыщедгъэфІэкІуэным теуХуа программэ щхьэхуэ. Дунеим кьытехьэ сабиитхэм я бжыгъэм нужьрей зэманым фІыуэ хэхъуащ, ар икъуэкІэ дызыщыгуфІыкІ Іуэхугъуэщ. Дэ кьыдгуроІуэ сабий куэд бгъэсэныр икІи зыхуей куэд бгъэсэныр икІи зыхуей хуэбгъэзэныр зэрыгугъур, ауэ щІэблэ узыншэ зиІэ лъэпкъырщ зи кьэкІуэнур дахэр. Дэри, къэралыр унафэщІхэр, зэрыхъукІэ а Іуэхур зэрыфщыдгъэпсынщІэным дыхущІэкъунущ. Фи бынхэм я екъуІэныгъэм фи щхьэр лъагэу фигъэльэгъужу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэкІэ ахэр кьыфхуэпэсу гъащІэ дахэ ефхьэкІыну сыныВохьуэхъу.

АдэкІэ Кьанокьуэ Арсен дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфащхэм иритыжащ. Апхуэдэу бынитІ ди нэхъыбэ зыпІа анэхэу Батъэтыр Лерэ, Гайер Надеждэ, Гуэнгъэпщ Светланэ, Губековэ ХьэІишэт, Журт ФатІимэт, Кьардэн Ритэ, Макаренкэ Людмилэ, Рахаевэ Эминат, Хьэжырокъуэ Майе, Щомахуэ Іэсият сымэ «Анагъэм и щыІкІ» медалым и гъусэу «Газель» автомашинэм и Іункіыбзэ Іухри иратащ. Щыхуэ 35-м медалрэ бын кьэс сом мин пщІы-рыпщІ яхуэзэу ахъшэ саугъэтрэ иратащ.

Кьыхуащіа гулъытэм папщІэ анэхэм республикэм и Унафэщім псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ. Абыхэм я кьэпсэльэныгъэхэм кьыхуащщ КъБР-м и Президентым республикэм зиужьыным хуэунэтІауэ Іуэхуфі куэд зэрилэжьыр цыхухэм зэрызыхащІэр икІи адэкІи и мурадхэр кьехьуІпІэну ехьуэхьуахэщ.

«Газель» автомашинэр зыхуагъэфэщащэр Калюжнэ уэрамым тет «Газ» автосалоным ирагъэблагъэри, зыхуеину документхэр зафдеж кьыщратыжащ. Дэтхэнэми и нэгум гуфІэгъуэр кьрихырт, я фІэщ мыхъуж жыхуаІэм хуэдэу, кьыхуагъэфэща «Газель»-хэм бгъэдыхьэурэ зэпапІъыхырт. «Мыпхуэдэ гулъытэ кьытхуэзыщІахэм фІыщІэ яхудощ, - жаІащ бын 12 зиІэ Щомахуэхэ Іэмырбийрэ Іэсиятрэ. - Апхуэдэ Іуэхуфіхэр, шэч хэмыльу, хуэгъэзащ унагъуэм и пІщІэр къэІэтыным, дэ кьытлъысыращ, ди бынхэм кьыщыхъу щІынаІъэм и пщІэр яІэту, ар ямыгъэпуду зэрыпсэуным хуэдгъэсэнщ».

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ЗэІущІэр йокІуэкІ.
СурэтхэрКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Псори зэпалъытауэ ирохьэлІэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Л эжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм кьрыт еджапІэхэм щыІэ лагерхэм я Іуэхуэхэр тэмэму екІуэкІыщымкІэ щытыкІэ псори кьыхуэзрагъэпэщащ. А Іуэхум теухуауэ республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр зи пІэм щІигъуэ екІуэкІыну егъэджакІуэхэр зыхэт зэІуІэ иригъэкІуэкІащ.

МЫ ГЪЭМ апхуэдэ лагерэ 224-рэ лэжьэнущ, абыхэм еджакІуэ 24349-м зыщагъэпсэхунущ. Сабийхэр лагерым махуэ 21-кІэ щыІэнущ. Ахэр ерыскьы щІэщыІ-гъуэхэмкІэ махуэм 2 - 3 ягъэшхэнущ. Я щхьныгъуэм хохьэ лы, бдзэжьей, гъэшхэкІ-гъэ, пхъщхьэмыщхьэ, хадзэкІ, Іэфы Іэ зэмыІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу лагерым и лэжьыгъэр кьыщызэрагъэпэщкІэ, кьабзагъэм гкІийуэ тетынущ.

Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащІынущ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэІэ щІэмыту кьэмахэмрэ. Абыхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр тэмэму кьызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъыр КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэрэ. Апхуэдэу республикэм щыІэ интернатхэм я гъэсэн 450-м нэблагъэм Іэмал яІэнущ лагерхэм зыщагъэпсэхуну икІи я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэжыну.

Лагерхэм щылэжьэну гъэсакІуэхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм щыщщ щІэблэр хэкупсэу къэхъунымкІэ, гъащІэ узынщэм и телъхьэу щытыныкІэ псалъэмакъ щхьэпэхэр ныбжьыщІэхэм драгъэкІуэкІыныр, апхуэдэуи ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъуам теухуа Іуэхугъуэхэр кьыз эрагъэпэщыныр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и мурадщ сабийхэм я бжьыхьэ, щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэми школхэм лагерхэр щигъэлэжьыну. ЕджакІуэ мин 11-м нэблагъэм абыхэм зыщагъэпсэхуфынущ.

Щкол лагерхэм я лэжьыгъэр КъБР-м и МВД-м, Роспотребнадзорым республикэм щиІэ къудамэм, МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ къэрал Іуэхущапіэу ди щІыпІэм щыІэхэм я нэІэм щІэту йокІуэкІ.

КІУЖ Инэ.



● Щалэгъуалэ Іуэхухэр

Гъуэгу захуэ

Иджыблагъэ Пятигорск кьалэм и «Бештау» хьэщІэщым и пэщІэшхуэм хэІущІыу щащІащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым изэх мыхъэрэ ин иІэу щагъэзэщІэну Іуэхугъуэхэр. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІэкІэ зэІущІэм щыщащ КъБР-м и Щалэгъуалэ Правительствэм и Унафэщі Щоқъарэ Залинэ, абы и къуэдзэ Джаппуеевэ Иринэ, СКФО-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Лу Азэмэт.

ЩОКЪАРЭ Залинэ кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищащ министрхэм я щалэгъуалэ кабинетыр зэрылажьэ щыкІэм, абы зэфІигъэкІ Іуэхугъэм, кьыхильхьащ округым и адрей хэгъуэгъуэхэми щалэгъуалэ правительствэхэр кьыщызэрагъэпэщыныкІэ дэІэпыкьуэгъу хьунэху. Лу Азэмэт щалэгъуалэм я пашэхэр кьыхуриджащ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр кьагъэсэбэпынымкІэ, ахэр гъуэгу тэмэм теубэнымкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхьуну.

Кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящащ федеральнэ проекти 5-м.

ЗэІущІэм щыІащ УФ-м и Къэрал Думэм Щалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщім и япэ кьуэдзэм и дэІэпыкьуэгъу Сабанов Иван, Шолохов Михаил и щІэр зезыхьэ МГТУ-м и Ставрополь къудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Масалов Григорий, СКФО-м и Щалэгъуалэ парламентым и лэжьыгъэр зэзэгъэуІу Сагеев Тимур, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэ щалэгъуалэ, студент зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэм хэтахэр зэгурыІуащ щалэгъуалэ Іуэхуэхэр пхыгъэкІыныкІэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэр зрагъэуІуну. Абы Іэмал кьаритынущ студентхэмрэ политик ныбжьыщІэхэмрэ гъащІэм и лъэныкъуэ куэдкІэ зэдэлэжьэну.

Мыпхуэдэ зэхуэсхэр нэхъыбэрэ ирагъэкІуэкІыну зэгурыІуащ.

ЦЕКЪУ ПІатІ.



Іуэхур зэхащэкІ

Ростов областым къаугъэ кьыщыхъеящ.

Морозовск кьалэм ЕГЭ экзаменыр зэрыщата щІыкІэм хьэгъащагъэ зэрыхалъхьар бедджылы кьэхуащ. КьызэрыщІэкІамкІэ, етъуджакІуэ 30-р а экзаменыр зытхэм нахуэу е щэхуу ядэІэпыкъурт. Гъэнэхунытыгъэр апхуэдизкІэ гугъути, езы егъэджакІуэхэми тхьыль щхьэхуэхэр кьагъэсэбэпын хуей хьурт.

Яубудахэм я Іуэхуэхэр зэхагъэкІ, ныбжьыщІэхэм экзаменхэр щІэрыщІэу ирагъэтыжынущ.

Зи чэзу зэхьэуэкІыныгъэ

Японием и правительствэм и Уэлфэнщу ягъэуващ Карэ Наотэ. Нэхъапэм абы финансхэмкІэ министр къулыкъуэ ящІыгащ.

Къэралым и премьер-министру щыта Хатоямэ хуэгъэзэщІакъым Окинавэ хьыІтыум американ базэр ирегъэщыжыным теухуауэ щыхуэр къызэригъэгугъар.

Аращ и Іэнатіэм щІытекІари.

Мэзхэр мафІэм ес

Сыбырымрэ Камчаткэмрэ я мэзхэр мафІэм ес. Бурятием и мэзхэм яхэщІагъэхэхэщ гектар мин 12.

Псори зи ягъэр щІыналъэхэр зэщІэзыубыдэ политикэ

Псым егъэгузавэ

Европэм и щыпІэ куэдым ысыдз къащІэуащ.

Псом хуэмыдэу щытыкІэр щыгугъущ Польшэм. Дауэ зыхуамыгъэхьэзырами, Варшавэ псыдзэм щахъумэфакъым. Псым егъэгузавэ Германиер, Австралиер, Словакиер, нэгъуэщІ къэралхэри.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 5, *щэбэт*

●Дыкъэзыуухуренхь дунейр хьуэмым и дунейпсо махуэщ (Экологым и махуэщ). ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1972 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м игъэуващ

●Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1945) Берлин Іэ щытрадзащ Германиер зэрыхагъэщІам икІи ар СССР-м, Инджылызым, США-м, Франджым я правительствэхэм я унафэм зэрыщІэтынум теухуа декларацІэм.

● Хэку авиацэр илъэси 100 ирокъу. Накьыгъэм и 5-м инженер Къудащ А. С. Киев япэ дыдэу уэгум щихьащ езым ищІа кхъухьлъатэмкІэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 5 - 6-м Псков областым щекІуэкІынущ Пушкиным и Урысейпсо махуэр.

Мэкъуауэгъуэм и 6, *Тхьэмахуэ*

●Урысеим щокІуэкІ Пушкин и махуэхэр

● ООН-м щрагъэкІуэкІ урысыбзэм и махуэр

●Мэкъуауэгъуэм и 6 - 13-хэм Сочэ щекІуэкІынущ «Кинотавр» 21-нэ урысей кинофестивалыр.

●Илъэси 115-рэ и пэкІэ кьалъхуащ Граждан зауэм и зэманым дззэешэу щыта Щорс Николай (1895 - 1919).

Мэкъуауэгъуэм и 7, *Блыщхьэ*

●Илъэс 55-рэ и пэкІэ Индием и премьер-министр Неру Джавахарлал Совет Союзым кьэкІуащ ипхъу Ганди Индирэ и гъусэу. Абы и фІыгъэкІэ, СССР-мрэ азие къэралхэмрэ зэхущытыкІэфІхэр зэхуаІэ хьуащ.

●Илъэс 75-рэ и пэкІэ Іащсовет еджагъэшхуэ-биолог, дуней псом щыцІэрыІуэ жыгГъэкІ Мичурин Иван (1855 - 1935).

ПІэнэнэр зыкъэхьэмыр ИГАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэфэкі зиІэм унафэр Іэщіэлъщ.

Афэщіагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІым и къуэдзэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-1 статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Афэщіагъуэ Михаил Хьэлым и кьуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзэпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІым и къуэдзэм и кьулыкъум илъэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым хуэгъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щыгъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Напшык кьалэ
2010 гъэм накьыгъэм и 26-м
№358-ІІ-ІІ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытвдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

■ ЗэІущІэхэр ■ Дифі догъэльапІэ ■ ТекІуэныгъэ-65

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Ди къуэдзэ рагъэблагъэхэм

УФСИН-м и унафэщІыр зрегъэЦІыху

АДЫГЕЙ. *ТхьэкІуцІынэ Дсльэнджрий Іущащ Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Іуэхущапіэм Адыгэ Республикэм щыІэм и унафэщІу ягъэуву Зуев Юрий. Республикэм и президентым ар къриГъэцІыхуащ Урысей ФСИН-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Цатуров Владислав.*

- АДЫГЕЙМ щыІэ УФСИН-м и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэхэри хэльащ. Уи фІыгъэкІэ а псори зэман кІэщІым гъэзэкІуэжа зэрыхьэнуур си фІэщ мэхъу, - жиІащ ТхьэкІушынэм, Зуевым зыщыхуигъазэм. Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ Іэнатіэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным теухуауэ кьыхихилъхьэхэр республикэм и унафэщІхэм зэрыдаІыгъынури кьыхигъэщащ.

Мухьэжырхэр ягу къагъэкІыж

АБХЪАЗ. *Мухьэжырхэм я фэеплъ махуэр республикэм щагъэлэпІащ. Фэеплъ щахуэхуну Сыхьум кьыщыхаха щыпІэм, 1990 гъэм накьыгъэм и 31-м ягъэмыкІуэр щагъэГъыльым деж, уэз гъэгъахэр щагъэтІылъащ.*

ФЭЕПЛЪ зэхьихьэм кьрихьэлІащ президент Бэгъэнщ Сергей зи пашэ кьэрал унафэщІхэр, мухьэжырхэм я щІэблэхэм ящыщІу хэкужьым къэзыгъэзэжахэр, политикэ партэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр, школакІуэхэр.

Мы гъэм и бжьыхьэм Мухьэжырхэм я фэеплъ сыныр ягъэувынущ. Проектыр зи Іэдакъэщ Іэкъыр абхъаз сурэтыщІ щІэрыІуэ Лако Геннадий.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Республикэм и хабзэхъумэ органхэм кьалъыхьуэ Шэджэм лъэныкъуэкІэ Налшык и дэкІыпІэм, «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум метр 500 хуэдизкІэ пэжьжьэу, дыгъуасэ сыхьэтыр 01-рэ дакьикъи 10-м газ бжьамийр кьыщызыгъэуахэр. ЗэкІэ кьызэральытамкІэ, щІэпхъаджащІэхэм кьагъэсэбэпа лагъымым тротил грамм 400 хуэдизым и кьару иІащ.

Бжьамий кьутам кьриху газыр сыхьэтитІым кьриубыдэу кьагъэзыуІащ. А щІыпІэм иджыпсту оперативнэ гуп, лагьымхэмкІэ ІэщІагъэлІхэр, газ Іэнатіэм пыщІа гупхэр щолажьэ.

Мы кьэхъукьащІэм теухуауэ уголовнэ Іуэху кьызэІуІахащ.

Хабзэхьумэ органхэм щІыхухэм лъэІукІэ зыхуагъазэ сакъыну, мы-пІейтеину. Гурыщхьэу зыхуащІ щІыхуэхэр, хьэпшыпхэр, транспортыр зыльэгъуахэм хъыбар кьыдагъэщІэну дольэІу.

Ди телефонхэр:

КъБР-м и Оперативнэ штабым - 48-16-37;

КъБР-м щыІэ МВД-м и пльыр Іэнатіэм - 40-49-10;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пльыр Іэнатіэм - 47-15-16.

ЗэфIагъэкIахэмрэ къалэнхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Пархоменко Юлие щхьэхуэу кьыгтеувыIащ къэрал властым и Iуэхущ1апIэхэмрэ бизнесымрэ зэрызэдэлажьэм, хьэрычэтэщIэхэр защIэрэкьуэным тёхуэауэ зэфIагъэхьэм, абы и лъэныкъуэкIи кьаГъэсабэ зэхьэзыгъэ. Къапщтэмэ, къалэм щыIэ банкхэм нэгъабэ IэнатIэ щыкIуэхэмрэ курытхэмрэ сом зы мелардрэ мелуан 206-м хуэзэ кредиту 106-рэ ираташ. Ар 2008 гъэм гъэльитауэ сом мелуан 914-кIэ нэхьыбэщ.

- Прохладнэ кьалэ округым сом меларди 9-рэ мелуан 451-рэ и уасэ инвестицэ проекту 25-рэ щыдгъэзэщIэну тедуху ащ. Мы зэманым абыхъэм ящыщу 6-м IэнатIэ щыкIуэхэмрэ курытхэмрэ ёолэжь. Апхуэдэщ сом мелуан 250-рэ и уасэ «Велес» ООО проектыр. А ахъшэм щыщу мелуан 200-р нэгъабэ кьаГъэсэбэнащ, шагъыр щабэхэмрэ шампанскэмрэ щIадзауэ ираГъахуэ, зэгурыуIэныгъэ зыхуэIэ Урысейм и щIыпIэ псоми хъурагъашэ. Мы процектым щыщу 200-м лэжьапIэ кьахудихащ, - жиIащ щIыпIэ администрацэм и IэтащIхьэм. - «Маяк» кинотеатрыр еужьэрэкIыу зэрагъэпэщыкь, финансымкIэ центр ящхуэ. КъаГъэщIэрэщIэжа нэужь, кинотеатрыр идикьыгей технологиехэм яхьэгъувэхэм сыт и лъэныкъуэкIи япэхьунущ, IэнатIэщIэу 100 кьыз1уэхьнищ. «Спиртыр кьызыщIахуа бардэм зэрелэжьынур» проектыр хьэзыр хьумэ, щыхуу 70 лэжьапIэ кьащтэнущ. Абы хуэзэ сом мелуан 600-р илъэси 3-м кьитыжынущ. Идкьыгей Iэмалхэр, бардэм зэрелэжь Iэмэпсымэхэр кьызэригъэсэбэпынум и фIыгъкIэ, Iэщым папщIэ Iусипхэ гъущэу кьыщIигъэкIыным хэхъуэ нэхьыбэ кьыпипхынущ. ИльэсыкI биощыбгъэпшэру тонн мин 710-р, биогазэу кубометр мин 54,8-рэ кьилэжьынущ. IэнатIэщIэр мы гъэм и кIэм кьызэIутхыну ди мурадщ.

Кьэпсэлъэм зэхуэсхэр хигъэгъуэзащ зи Iуэху кьыдэзыхьыжыну хуеИхэм щыпIэ администрацэр зэрадзлажьэм, хьэрычэтыщIэхэр мунициципальнэ заказхэм я рынокым зэрыхаущэм, фейдэ кьэзыт IэнатIэхэм, Iуэхутхьбэзэхэм, инфраструктурэм зегьэужьыным, инвестицэхэр кьешлэлIэным щытыкIэфI кьызхуэзгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэжьэм.

Апхуэдэу зэIуIэм щедэIуащ «2009 - 2013 гъэхэм Щэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэм хьэрычэт IэнатIэ щыкIуэмрэ курытымрэ зэрызыщаужьыну икIи зэрыщIадаIыгынур» программэр зэрагъэзащIэм теухуауэ щыпIэ администрацэм и IэтащIхьэ **Темиржанов Махьтэ** жиIаxэм.

Абы кьызэригъэльэпсуамкIэ, мы зэманым куейм щатхащ апхуэдэ Iуэхущ1апIэу 95-рэ, щхьэзыкъэуфIалажьэу 723-рэ. Сатум, мэкьуэмщым, щыхуэхэр кьеШэкIыным, шхапIэхэм пыщIа лэжьыгъэм я процент 82-м нэблагъэр а IэнатIэхэм яГъэзащIэ. Программэм ипкь иткIэ, 2013 гъэм ирихьэлIэу лэжьапIэщIэу 450-м щигъу кьызэрагъэпэщыну я мурадщ. Аэр нэ хьыбэу зэхьэлIауэ щытынур мэкьумэш хозяйствэщ, уцухэныгъэщ, Iуэху утхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ промышленность псынщIэмрэщ. Куей администрацэм и хьэкIэщIэ щыкIуэ 40 хьэрычэт щыкIэм, бухучет зэращI, налог зэрыгралъхьэ щыкIэхэм хурагъаджэри, тхыльхэр иратыжащ, 800-м щигъуэм зыхуей чэнджещIэр яГъуэтащ, 100-м нэхьрэ нэхьыбэ семинархэм, конференцэхэм, зэIуIэ зэхуэмыдзэкIэм хэтащ. Отчёт лъэхъэнэм кьриубыдэу лэжьапIэнэщу 160-м щигъуэм езыхэм я IэнатIэ кьызэIуахащ, зи Iуэху кьыдэзыжьыкьыну хуеИхэм я инвестицэ проекту 200 зэпкърахащ.

- Республикэм и инвестицэ программэм хэдгъэхьэн мурадкIэ, проект зэмылIэужьыгъуэу 27-рэ дгъэхьэзыращ. «РусГидро» ОАО-м и унафэщIхэм я совет тым арэзы щытекIуэ щ Бабугент Зэрэтеувыж, Балкьыр Iпщэ кьуажэхэм гидроэлектростанц щыкIуэр щыухуэным теухуауэ кьыхэхтлъхьа жэрдэмым икIи мы илъэс гъунэгъуэхэм ирагъэкIуэныну зэкIэлъыгъэм хагъэхьащ. Проект щхьэхуэхэр щIэздзауэ догъэзащIэ, - жиIащ Темиржановым. - Куейм хьэрычэт Iуэху мащIэр дэзыгъэнымкIэ и Фондым и хьэмкIэ сом мелуани 5-рэ мин 465-м хуэзэ заем 47-рэ IэнатIэ щыкIуэхэм яхуэхтхащ. Дэтхэнэри ику иту мини 116-рэ мэхъу. Езы фондым нэгъабэ сом мин 500-м щигъу кьилэжьащ, IэнатIэщIэу 30 кьызэIуихащ.

ЩыпIэ администрацэм и IэтащIхьэм кьызэрыхигъэщамкIэ, КЪР-м и Президентым ищIа пщэрыльым тету, Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм зэрызэужьыну программэ зэхэтым хагъэхьэну я мурадхэм тещIыхьауэ, сом мелард 11,7-рэ и уасэ инвестицэ проект 18 яГъэхьэзыращ. Абы хэм щыкIуэ 1400-м щигъу IэнатIэкIэ кьызэрагъэпэщынущ, бюджет лIэужьыгъуэхэм илъэс кьэс сом мелуан 200-м нэблагъэ хуэзэщIагъэуIэнущ. Т емирканов Махьтэ щхьэхуэу кьыгтёувыащ а проектхэр зытеухуэкIэ я ефIэкIныгъэхэр зыхуэдэмрэ.

ЗэIущIэм щыжиIакIэр щыIэхилъхьэжьым, **Кьанокъуэ Арсен** кьыхигъэщащ щIадзэ щIыпIэхьапхъэ IуэхукIэ щыдгъэкIыным кьаГъэрыпсэщытыр икIи апэ игъэщIапхъэу кьиулъытэхэр игъэбелджьылащ. Апхуэдэщ илъэс кIуахэм щаащта проектхэр гъэзэщIа зэрыхьум, хамэ кьэралхэм я бизнесшкол нэхьыбфIэхэм ди Iэщ1агъэкIэр щегъэджэным, налогыр нэхъ кьызэрыгуэкIыу зэрыратралъхьэ щыкIэм теухуауэхэр, нэгъуэщIэхэри.

Зытепсэлъыхьахэр унафэкIэ кьащта нэужь, Мусуков Алий кьыхилъхьэри, зэIуIэм щыхьэпIащ Хьэрычэтыщ1э Iуэхухэмкiэ советым и протокол унафэхэр зэрагъэзащIэм.

Зэхьхьэм хэтащ КЪР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир** Кьэбэрдей-БалькъэрымкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей** щIыпIэкIэр, кьалэ, районым администрацэхэм я IэтащIхьэхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Дифl догъэлъапIэ

КЪР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар.

ХэкудI

Зи Iуэхущ1афэ дахэкIэ щытхъу кУэд къэзылэжьа мы щIыпх щащIэм пщIэ лей кьыщIилъхьуэркьым. Ар ящыщщ ери фIыри зыхуэдэр кьыгуриуIуэ кьэхъуахэм, жэуапIныгъэм и мыхьэнэр кУуэ зыхиIIэу, абы и пIалъэныгъэхэр игъэнэхьапэу республикэмрэ бзэмрэ хьэлэну яхуэлажьэхэм.

МЫ МАХУЭХЭМзи ныбжьыр илъэс 60 ирикьуа, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар зэрацIыхур зы щыпкъэм ит, хьэлъщэн дахэрэ нэмысылъхуэрэ зэхэль, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыхь унафэщI Iэкlуэльакlуэщ.

Цlыхум и шыфлIыфэр псом япэу кьозыгъащIэр кьикIуа Гъэзугъанэмрэ абы щыхуэзфIэкIымрэщ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, Къэбгъэзыжьы къыщалъхуа Ануар и сабиигъуэр тыншу щытакъым. Кьагъэзэжу Гундэлэн кьуажэм щыдэтIысхьэжам унагъуэр зэрыбгиих хьурт.

- Дыщьыпсэур езым дыхуэжьа чы-бжэгъу унэт, пэшхэр ятIэ лъэгут. Пхъэ гъэсыныпхъэр щыдкIэ, дамэкIэ къэтхьырт, мэкьу еуэн щыщIэздзам илъэси 8 срикъуа къуэдейт, - игу кьеГъэкIыж Ануар. - Итlани тфIэфIу, дыдихьэшху деджэрт, нэхъыжьхэм я жьым дытету, мыхъумыщIагъэм дыпэIэщIу дикъэтэрэт.

ЩIалэ цlыкIур жьыджэрт, ерыщт, щIэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, еджэным хуэнэхъуеиншэт, уэздыгъэ нафIкIэ нэху щыхуу тхыпыкI бгъэдэсыфынут. Къьхъулъатэзехуэ хъуну щIэхъуэпсыри, и гур эгумкIэ щыIэ зэпыитт, еджакIуэхэм я район, республикэ зэпеуэхэм зэфIэкI кьыщигъэтхьагъэрт. И ныбжьым ёмылъытауэ балигъэнкIэ гъащIэм пхыпплъыф, Iуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу кьэзыпхъуэтэф щIалэр, дзэ кьулыкъум и ужькIэ КъБКЪУ-м щIэтIысхьэри, щытхъу иIэу кьиухащ икIи щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэм зригъэ, ядерэ физикэм и хьэрш нурхэр иджащ, абыхэм ятеуха и Iэдакъэщ1экIхэр журнал щIэрыIуэхэм кьыгридзащ, сонэпсо щIэныгъэ-практикэ конференцэхэм хэтащ. ЭкономикэмкIэ факультетыр кьиуха нэужь, а Iуэхум кУуэ хьIыкащ.

1990 гъэм КЪР-м и Правительствэм деж экономикэ реформэмкIэ комитет кьыщIэзрагъэпэщауэ щытащ. Абы и кьалэнт республикэм зэрызиужьыным и программэ игъэхьэзырыну. Мыхьэнэшхуэ зиIэ, жэуапныгъэ ин зыпылъ а Iуэхур псом япэ дзыхь зыхуащIахэм Чеченовыр ящыщщ. Союзэпсо программэр и плажьэкIуэ и лъабжьэу щыкъутэжым хуэмеижIауэ кьыщIрагъэдзыжащ. КЪР-м зэрызиужьыным и Фондым и зэхэлъыкIэмрэ хамэ кьэрал инвестицэхэм ятеуха закономрэ япэу зэхэзылъхьар Ануарщ. 1992 гъэм республикэм и кьэрал властыр зыубзыхуахэми жыджэру яхэтащ. Апхуэдэу иригъажьри, кьалэн щхьэпэхэр игъэзащIэу, и цIэфI жригъэIэу нобэм кьэсащ.

- Чеченов Ануар республикэм и Парламентым и ётIуанэ хэхьгъуэм лъандэрэ социыхурэ, дахагъ куэд дэсылъэгъуащ. ПлъэкыгъэкIэ и кьалэн нэхъыщхьэхэм кьадэкIуэу, абы хуэзфIэкIхэм уримыгъушхэнкIэ Iэмал иIэкъым. Цlыху пэжщ, гущIэгъуныщ, езым щIэныгъэ-пщIэ бгъэдальщ. Iэджэм гу лъетэ, игъмыгъэлейуэ икIи ехьэкI хэмылъу ахэр утыку кьрелъхьэф. КЪР-м и Правительствэм зэрыщIэлъэкIыр сэбэпышхуэ хьэхуоХьуж, - жеIэ Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Сэфэрбий. - Ар гупсысэ уэзыншхэм зыпхъ-рыльь щIэныгъэлI-кьызэгъэпэщакIуэщ, IэнатIэхэм я лъэныкъуэ куэдым кУуэ хэзыщIыкI еджагъэшхуэщ. А псори и лэжьыгъэм Правительствэм игъэзащIэмэ нэхъ фIэкъабылу, ди пщэ кьрилъхьащ Къэрал дзэ щIэнхабзэ центрым.

-Республикэм и цlыху пажэ, Хэкур фIыуэ лъэпуным щIэлэр хуэзыуцуф фэри, «2006 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и цlыхухэр зэкуэцIу къэгъэхьэн программэр зыгъэзащIэхэр ирагъэгъэзащIэным ехъулIэныгъэ кьыщцыIэхьахэр ми фIыщIэ ин фхуэфащэщ, - жиIащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и хуэдэ **Дыщэкl Мадинэ**. - Нобэ кьедгъэблэгъа дэтхэнэ зыми Iэхуфl куэд зэфIывоIэхэ. Дамыгъэ лъапIэхэри республикэр ефIэкIуэным езэш имыIэу фызэрытелажьэр кьызэральытам я щIыхьэтщ.

Дыщэкlым и къэпсэлъэныгъэм кьэхьхуэщащ «Урысейм и хэкупсэ» фэеплъ медалыр УФ-м и Правительствэм 2006-м щеIуэгъуэм и 13-м ищIа унафэмкIэ, ЩIыхь дамыгъэр «2006 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и цlыхухэр зэкуэцIу къэгъэхьэн» программэр зыгъэзащIэхэр ирагъэльэпIэн папщIэ зэриГъэувар.

- Ахэр щIэблэр зэкуэпсу къэгъэхьэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, а Iуэхум жьыджэру зыкъыщIызыгъэльагъуэ цlыхухэр зэрагъэпэжащ а Iуэхум щыщIагъэ ящIыгъуэ. - Иджыйрей зэманым щIэблэр хэкупсу къэгъэхьэным папщIэ зэриГъэкIуэ щыхьэ Полицыук Иван, категорие нэхъыщхьэ зиIэ тренер-Iэсэкlуэ **Миновский Владимир** сымэ.

- Дэркlэ нэхъ тыгъэ лъапIэр щыхуэкIи ягу дыззэрыгэсырщ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу ветеранхэм кьытухуащIа гупытэм хуэдэ иджыри кьызэдэсым дгъуэтакьым, - жиIащ Абдуллаев Мустэфа. - Зэи хэумыдэжу мы гъэм хэлъыткIауэ дызэрыкьэлапIэм папщIэ республикэм и Президентым, Парламентымрэ Правительствэмрэ фIыщIэхуэу фхуэхущ.

- Дэ кьытхуэзгъэна, тхуэфхъуэм Хэкур щIэблэм пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэреттыжьыным дыхущIэкъунущ, - жиIащ абы. - Нобэ фызэрыдгъэгуфIа дамыгъэ лъапIэхэр иужьрей мыхъуу, иджыри абыхъэм кьыпитщIэну сыщогуэгъ.

ТЕКIУЖЬ Заретъ.

● КЪР-м и Правительствэм

Апхуэдэщ хэкупсэхэр

Накьыгъэм и 31-м Правительствэм и Унэм зэIуIэ гуапэ щызэхэтащ. Къызэхуэсахэм ягъэльэпIащ я Хэкур фIыуэ яльагъуу, абы хуэпэжу щIэблэр гъэсэным жыджэру хуэлажьэ нэхъыжьхэр.

ЗэIуIэр ириГъэкIуэщ КЪР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жыларгъэ зэгухэзыхьэм ядалэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Пащты Борис.**

Iуэхур зыхуэгъэзар «2006 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и цlыхухэр зэкуэцIу къэгъэхьэн» къэрал программэр гъэзэщIэным теухуауэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм зэкIэкIыным и къэрикIуэхэр зэхэлъхьэныгъэ.

- Нэгъабэ Къэбэрдей-Балькъэрым и республикэ жылагъуэ зэгухэзыхьэ 2, кьэрал муниципальнэ кьудамэхэм яйуэ 12 «УФ-м и цlыхухэр зэкуэцIу къэгъэхьэным жыджэру зэрызуэлажьэм папщIэ» щIыхь дамыгъэмрэ «Урысейм и хэкупсэ» фэеплъ медалымрэ къэратыну къэгъэльэгъуэуэ щытащ, - жиIащ министрым. - Ахэр етыжьныжьмкIэ кьалэн гуапэр Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм игъэзащIэмэ нэхъ фIэкъабылу, ди пщэ кьрилъхьащ Къэрал дзэ щIэнхабзэ центрым.

-Республикэм и цlыху пажэ, Хэкур фIыуэ лъепуным щIэлэр хуэзыуцуф фэри, «2006 - 2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и цlыхухэр зэкуэцIу къэгъэхьэным и программэр гъэзэщIэным екъулIэныгъэ кьыщцыIэхьахэр ирагъэзащIэным папщIэ зэриГъэкIуэ.

- Ахэр щIэблэр зэкуэпсу къэгъэхьэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, а Iуэхум жьыджэру зыкъыщIызыгъэльагъуэ цlыхухэр зэрагъэпэжащ а Iуэхум щыщIагъэ ящIыгъуэ. - Иджыйрей зэманым щIэблэр хэкупсу къэгъэхьэным папщIэ зэриГъэкIуэ щыхьэ зэрэтыжьыным дыхущIэкъунущ, - жиIащ абы. - Нобэ фызэрыдгъэгуфIа дамыгъэ лъапIэхэр иужьрей мыхъуу, иджыри абыхъэм кьыпитщIэну сыщогуэгъ.

ТЕКIУЖЬ Заретъ.

● Шэджэм куей

Гъавэщlэм и гъабжьэр

ШэджэМ муниципальнэ районым и администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъхэхэмкIэ и Iуэху щIэныгъэм къызэриГъэкIыр, куейм гъавгасэр гектар 11014-м щрагъэкIуэкIащ. Партыгу гъавапхъэм гектар 4667-рэ, хьэм - 750-рэ, зэнтхъым - 70, сэхураным - 890-рэ, хадзэкIэхэм - 743-рэ, кIэртIофым - 850-рэ, нартыхъ силосым - 505-рэ, зы гъэ пыупщIыгъуэ удым - 2534-рэ, илъэс куэдкIэ къэкIхэм гектарэ 5 хуэхащ. Псори зэхэту районым гъавэ щIапIэу гектар 16009-рэ иIэщ. Бжьыбхэсэ къэкIыгъэхэр гектар 4834-м щыхэрахъэ (гуэдзым гектар 3519-рэ, хьэм - 131-рэ яубыд).

Куейм мэкъумэш предприятэ ину пIы щолажьэ. Апхуэдэщ Iэдыжьм, Калабековым и цlэкIэ щыIэ хозяйствэхэр, «Нартан» ОПХ-р, «Къэбэрдей-Балькъэрым и бдзэжьей завод» ФГУП-р. Мэкъумэш зыщIэ IэнатIэ щыIэ къэзым бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм хущхьэкъэр тракIащ, я гъабжьэкъэр ягъэпшэращ.

АХЪИ Асият.

● Узынщагъэ

ХэкIыпIэхэр къалъыхъуэ

Накьыгъэм и 28 - 29-хэм Къэбэрдей-Балькъэрым щекIуэкIащ Налшык къалэм и къэрал клиникэ сымаджщ №2-р илъэси 10 зэрырикъуэ ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ IэнатIэ-практикэ конференц. Абы хэтащ Урысейм и медицинэ университетым и клиникэхэм, щIэныгъэ-еткIуэдныгъэ центрхэм я IэщIагъэлIхэр. Апхуэдэу зэхьхьэм зыщыкъагъэхьэлIащ хущхьэхэр, медицинэ зэхущытыкIэ къыщIэзыгъэкIыу къыщIэзыгъэкIыу ди щIыпIэм щащIэ зэриГъэкIуэ.

КъБКъУ-м и медицинэфакультетым хирургиемкIэи кафедрэм и унафэщI **Мышуш Борис** зэIуIэр къызэIуихри, абы кьрихьэлIаХэр щIигъэгъуэщащ я лъжьыгъэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм икIи кьыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэсхэр я Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэр зэрыщылажьэр. «Мыпхуэдэ зэIуIэхэр икъуэкIи щхьэпэщ, - жиIащ абы, - икIи сэ щэч къытесхьэжьрэ, кьым нобэрей конференцми республикэм и медицинэр езыгъэжьIкIуэн Iуэхугъуэ куэд утыку кьызэрыщрахьэнум».

КЪБР-м и зыныщагъэхьэмэныкIэ и министр **Бицу Вадим** конференцыр щIыхьэхаща, зи зобилейр зыгъэлъапIэ, илъэси 10 хьуауэ щIыхухэм фIагъ зыпылъ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт кьалэ клиникэ сымаджщ №2-м и лжьакIуэхэм схьуэхъуауэ адэкIи ехьулIэныгъэ яIуэ я IэнатIэмэрэгъашIу. «Къэралым и щIэныгъэлI щIэрыIуэхэр, дохутыр нэхъыфI дыдэхэр нобэ кьызэрыгъуеблэгъам ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуэж, - жиIащ министрым. -Си гугъэщ конференцым кьыщцIэтыну Iуэхугъуэхэр хирургием дызыщрихьэлIэ гуТуекъхьэр эфIэхынымкIэ хэкIыпIэфI хьуну. Апхуэдэу медицинэм щIэуэ кьыщIагъэсэбэп Iэзэкlэщ1эхэм теухуауэ дохутырхэр лъжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъуэжьэныгъэ мыпхуэдэ зэIущIэр икъуэкIи щхьэпэщ.

- Мы конференцым зи гугъу щащIынур хирургие, онкологие гунэтIыныгъэхэмкIэ дохутырхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэрщ, - жиIащ КЪР-м и Парламентым и депутат **Жаматаев Сэлим.** - Апхуэдэ къэхутэныгъэхэм къриклIуахэр утыкуэхуэ кърахьэу псалъэмакъ щращIэкIкIэ, абы къегъэльагъуэ нобэ медицинэм зэрызиужьыр икIи абы щIэуэ кьыхьхьэ Iуэхухэр тэмэму ди дохутырхэм я лъжьыгъэм кьыщIагъэсэбэпырыну щыщIэ. Щыхуэм еIэзэнир, ар егъэджэнэ ІэщIагъэу кьыхэзыхь дэтхэнэми хьэкьыу пIихьу щыгъэнкIыт хуейщ ар жэуапныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхум зэрыпэрыхьэр. Абы кьыхэкIыуи ар Iэщ1агъэ зыхуэхъэжьэну хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIи, мыпхуэдэ зэIуIэхэр нэхъ щIэх-щIэхыуэрэ кьызэгъэпэщыпхъэу кьызэольытэ.

Налшык къалэ узынщагъэр хъумэнымкIэ и управленэм и унафэщI **Аксырэ Мариноу** зыгуфIауэ тепсэльыхьащ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я лъжьыгъэр зэрекIуэкIым. Абы и къэпсэлъэныгъэм къызэрэхэщамкIэ, къалэм дэт медицинэ Iуэхущ1апIэ псоми цlыхухэр зыхуей дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт. «Узынщагъэр» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, медицинэ Iуэхущ1апIэ Iуэд зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэща хьуащ.

Адэкlэ Налшык къалэ клиникэ сымаджщ №2-м и унафэщIым и къуэдзэ **Тиков Хьэбибулэхь** я лъжьыгъэр зэрекIуэкIым тепсэльыхьащ.

- Сымаджщым хирургие унэтIныгъэ иIэу къудамиплI хэтщ: урологие, хирургие, гинекологие, колопроктологие. Медицинэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ Iэмал имаIэу щыт санитарно-гигиенэ мардэхэм сыт и лъэныкъуэкIи хуоКIуэ. Илъэс кьэс я узынщагъэр мыбы щрагъэфIэкIуэжь щыху мини 7-м нэблагъэм, абыхэм я процент 50-м щIигъуэ операцэнщэу зэфIэкIкIрыкьым. Апхуэдэу илъэс кIуам щыхуэ 300 операцэ тщIащ, эндоскопие Iэмалхэр кьэдгъэсэбэпырэ, - жиIащ Тиловым.

Къэпсэлъам кьызэрыхигъэщамкIэ, мы медицинэ Iуэхущ1апIэр иджырей лабораторэ, диагностикэ Iэмэмымэмкlэ фIы дыдэу кьызэгъэтэщащ, абы щыIэ хэкIыуи сымаджэхэм и чэзум зыхуеину дэIэпыкъуныгъэхэр яГъуэт.

ЗэIуIэм хэтхэм гуп щхьэхуэу загуэшри, хирургием, онкологием узыщIрихьэлIэ гугъуехьэм, а унэтIныгъэхэр зэгъэпIэкIуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм тепсэльыхьащ.

Зи махуэщхуэр зыгъэльапIэ сымаджэщым кьаДэадминистрацэм кьыбгъэдэкIыу реанимобиль тыгъэ хуащIащ, апхуэдэуи абы и дохутыр зыбжанэм КЪР-м и Парламентым, республикэм Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм я щIыхь тхьылъэр хуагъэфащащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩIИз.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зэ1ущIафэ дахэкIэ щытхъу кУэд къэзылэжьа мы щIыпх щащIэм пщIэ лей къыщIилъхьуэркьым. Ар ящыщщ ери фIыри зыхуэдэр кьыгуриуIуэ кьэхъуахэм, жэуапныгъэм и мыхьэнэр кУуэ зыхиIIэу, абы и пIалъэныгъэхэр игъэнэхьапэу республикэмрэ бзэмрэ зыхуэлажьэхэм.

МЫ МАХУЭХЭМзи ныбжьыр илъэс 60 ирикьуа, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар зэрацIыхур зы щыпкъэм ит, хьэлъщэн дахэрэ нэмысылъхуэрэ зэхэль, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыхь унафэщI Iэкlуэльакlуэщ.

Цlыхум и шыфлIыфэр псом япэу кьозыгъащIэр кьикIуа Гъэзугъанэмрэ абы щыхуэзфIэкIымрэщ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, Къэбгъэзыжьы къыщалъхуа Ануар и сабиигъуэр тыншу щытакъым. Кьагъэзэжу Гундэлэн кьуажэм щыдэтIысхьэжам унагъуэр зэрыбгиих хьурт.

- Дыщьыпсэур езым дыхуэжьа чы-бжэгъу унэт, пэшхэр ятIэ лъэгут. Пхъэ гъэсыныпхъэр щыдкIэ, дамэкIэ къэтхьырт, мэкьу еуэн щыщIэздзам илъэси 8 срикъуа къуэдейт, - игу кьеГъэкIыж Ануар. - Итlани тфIэфIу, дыдихьэшху деджэрт, нэхъыжьхэм я жьым дытету, мыхъумыщIагъэм дыпэIэщIу дикъэтэрэт.

ЩIалэ цlыкIур жьыджэрт, ерыщт, щIэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, еджэным хуэнэхъуеиншэт, уэздыгъэ нафIкIэ нэху щыхуу тхыпыкI бгъэдэсыфынут. Къьхъулъатэзехуэ хъуну щIэхъуэпсыри, и гур эгумкIэ щыIэ зэпыитт, еджакIуэхэм я район, республикэ зэпеуэхэм зэфIэкI кьыщигъэтхьагъэрт. И ныбжьым ёмылъытауэ балигъэнкIэ гъащIэм пхыпплъыф, Iуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу кьэзыпхъуэтэф щIалэр, дзэ кьулыкъум и ужькIэ КъБКЪУ-м щIэтIысхьэри, щытхъу иIэу кьиухащ икIи щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэм зригъэ, ядерэ физикэм и хьэрш нурхэр иджащ, абыхэм ятеуха и Iэдакъэщ1экIхэр журнал щIэрыIуэхэм кьыгридзащ, сонэпсо щIэныгъэ-практикэ конференцэхэм хэтащ. ЭкономикэмкIэ факультетыр кьиуха нэужь, а Iуэхум кУуэ хьIыкащ.

